

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina bagian ahir ieu dicindekkeun hal-hal anu kapanggih tina panalungtikan.

Kapanggih lima adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an nya éta Pola I mangrupa kalimah salancar basajan, Pola II mangrupa kalimah salancar jembar, Pola III mangrupa kalimah rangkepan satata, Pola IV mangrupa kalimah rangkepan sumélér, jeung Pola V mangrupa kalimah teu sampurna.

Masing-masing pola aya anu mibanda variasi, aya anu henteu. Dina Pola I teu aya variasi. Pola I mangrupa kalimah salancar basajan susun invérsi diwangun ku hiji caritaan jeung hiji jejer, ditungtungan ku intonasi final.

Pola II aya dua variasi, nya éta Pola IIa jeung Pola IIb. Pola IIa diwangun ku unsur Jejer, Caritaan, jeung Katerangan, ditungtungan ku intonasi final. Pola IIb diwangun ku unsur Jejer, Caritaan, Udagan, jeung Katerangan, tur intonasi final. Dina Pola IIa aya tilu variasi, nya éta Pola IIa1, diwangun ku Jejer, Caritaan, Katerangan, tur intonasi final; Pola IIa2, diwangun Jejer, Caritaan, Katerangan 1, jeung Katerangan 2, dipungkas ku intonasi final. Pola IIa3 diwangun ku Jejer, Caritaan, Katerangan 1, Katerangan 2, jeung Katerangan 3, dipungkas ku intonasi final.

Dina Pola III teu aya variasi. Pola III mangrupa kalimah satata, diwangun ku dua klausa bébas, ditungtungan ku intonasi final.

Dina Pola IV aya lima variasi nya éta Pola IVa, Pola IVb, Pola IVc, Pola IVd jeung Pola IVe. Dina Pola IVa, kalimah diwangun ku hiji klausa lulugu dibarengan ku klausa sélér. Dina pola IVb, kalimah diwangun ku dua klausa lulugu dibarengan ku klausa sélér. Dina Pola IVc, kalimah diwangun ku tilu klausa lulugu dibarengan ku klausa sélér. Dina Pola IVd, kalimah diwangun ku opat klausa lulugu dibarengan ku klausa sélér. Dina pola IVe kalimah diwangun ku lima klausa lulugu dibarengan ku klausa sélér. Jumlah klausa sélér anu marengan klausa lulugu nangtukeun sub pola-sub pola.

Dina Pola V aya opat variasi, nya éta Pola Va mangrupa kalimah runtuyan, Pola Vb mangrupa kalimah singgetan, Pola Vc mangrupa kalimah sambungan, jeung Pola Vd mangrupa kalimah singget.

Tatali harti anu muncul dina tarjamah Qur'an aya dua, nya éta tatali harti antarunsur dina kalimah salancar, jeung tatali harti antarklausa dina kalimah sumélér.

Tatali harti antarunsur dina kalimah salancar aya lima, nya éta (1) tatali digolongkeun-panggolong, (2) tatali palaku-kalakuan, jeung (3) tatali pangrandap-kaayaan, (4) tatali harti pangrandap-kalakuan, jeung (5) tatali harti perenahna-diperenahkeun.

Tatali harti antarklausa dina kalimah rangkepan anu kapanggih dina kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda aya dua nya éta tatali harti antarklausa dina kalimah rangkepan satata, jeung tatali harti antarklausa dina kalimah sumélér.

Tatali harti antarklausa anu kapanggih dina kalimah satata nya éta tatali harti jumlah jeung lalawanan. Tatali harti antarklausa dina kalimah sumélér nya

éta (1) akibat, (2) babandingan, (3) cara, (4) iwal, (5) pangécés, (6) pertélaan, (7) sabab, (8) sarat, (9) tujuan, jeung (10) waktu.

Dina kalimah rangkepan kapanggih tatali harti anu leuwih ti hiji dina sakalimat. Tatali harti saperti kitu muncul dina kalimah rangkepan anu paling saeutik ngandung dua klausa sélér. Hal éta nimbulkeun pasualan lebah katagorisasi/klasifikasi. Arék digolongkeun kana papasingan mana kalimah anu wandana kitu. Perlu kritéria anu jelas pikeun matotoskeunana.

Kahasan kalimah tarjamah Qur'an bisa ditilik tina jumlah klausana. Jumlah klausa dina kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda anu mangrupa kalimah rangkepan variatif, antara dua tepi ka 11 klausa. Jumlah klausa anu dominan hadir nya éta dua.

Kahasan séjénna katitén dina adegan kalimah. Adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an, sarua jeung adegan kalimah basa Sunda umumna, tapi dina tarjamah Qur'an loba digunakeun adegan-adegan kalimah teu sampurna. Kalimah teu sampurna anu dominan muncul nya éta kalimah runtuyan, dicirian ku ayana konjungsi koordinatif di awal kalimah. Konjungsi koordinatif anu muncul di awal kalimah nya éta *jeung, sarta, tuluy, malah, tapi, padahal*.

Konjungsi koordinatif *jeung* muncul pangseringna, di antarana dilantarankeun dina tata basa Arab aya hurup wau **و** anu di antara fungsina nya éta pikeun markah awal kalimah (kalam), jeung pikeun nuduhkeun wincikan. Wincikan anu dimaksud dina data kalimah tarjamah, dina ieu panalungtikan, lain wincikan anu basajan. Wincikan anu muncul di antarana pituduh-pituduh ka kaum pria anu geus mirak pamajikanana, pituduh-pituduh pikeun mikanyaah barudak

yatim, pituduh-pituduh pikeun enas-enasna mah ngangkat harkat darajat kaom wanita, sina bébas tina kungkungan sipat-sipat jeung aturan-aturan jahiliyyah.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda ieu moal boa héngkér kénéh tur déét kénéh. Ku kituna, diperlukeun panalungtikan-panalungtikan saterusna anu leuwih nyosok jero jeung leuwih gemet kana tarjamah Qur'an basa Sunda, sedengkeun tilikan jeung puseur panitén panalungtikan ngeunaan Qur'an jeung tarjamahna bisa tina rupa-rupa jihat. Ieu hal dipiharep bakal jadi garapan anu daria jeung narik ati pikeun panalungtik-panalungtik satuluyna. Pasualan anu timbul tur teu kungsi kapatotoskeun dina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi bahan ulikan pikeun panalungtik-panalungtik lianna.

Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda Pascasarjana UPI salaku lembaga atikan basa Sunda tingkat luhur, taya salahna ngoréhan tarjamah Qur'an basa Sunda pikeun diajarkeun, ditalungtik tina jihat linguistikna, boh ku para mahasiswa boh ku dosén-dosénna.

Di lembaga-lembaga atikan tingkat dasar jeung menengah, ku hadirna KTSP dina pangajaran basa, aya anggapan anu kacida salah kaprah yén teu perlu katatabasaan diajarkeun ka murid-murid. Padahal katatabasaan téh mangrupa alat pikeun maham basa tur pikeun bener jeung merenah ngagunakeun basa. Antukna pangaweruh katatabasaan sering katolér-tolér, anu tangtu waé mangaruhan kana héngkérna kaparigel ngagunakeun basa. Tujuan pangajaran basa tungtungna

henteu kahontal sacara nyugemakeun. Ku kituna, geus waktuna miceun anggapan yén pangajaran katatabasaan teu penting, sangkan murid parigel ngagunakeun basa lantaran weruh kana kaédah-kaédahna.

Kitu deui pikeun lembaga-lembaga atikan agama Islam, saperti Madrasah Aliyah, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan euyeubna bahan pangajaran katatabasaan pikeun murid madrasah tingkat aliyah. Pangajaran linguistik basa Sunda ngagunakeun kontén mangrupa tarjamah Qur'an basa Sunda bakal nyekrup jeung kurikulum anu sipatna kaagamaan di madrasah tingkat aliyah.